



Mwikingire kuribwa n'imibu

Imibu ikwiragiza umugera wa Nire yo mu burasirazuba n'izindi ngwara



Ivyitonderwa mw'ijoro

Muri Vermont imibu iba ari myinshi cane hagati y'umuhingamo (ku mugoroba) n'umutwenzi (mu gitondo kare).



Kingira urugo (inzu) yawe imibu

Koresha Utuyunguruzo ku madirisha n'imiryango. Koresha ivyuma bitanga umuyaga nimba biriho. Sesa amazi wongere usukure ibikoresho canke ahantu hari amazi adatemba.



Ambara impuzu zigukingira

Ambara amashati/imipira bifise amaboko maremare n' amapantaro maremare. Kugira wikingire kurusha, impuzu zawe zishiremwo umuti w'imibu.



Koresha umuti wirukana udukoko

Raba ku rubuga ngurukanabumenyi EPA.gov imiti yirukana udukoko ikora neza kandi ata ngorane y'amagara itera. Kurikiza ivyanditswe ku mparati iranga umuti. Isige umuti ku mubiri imbere yuko usohoka ngo uje hanze.

Wirinde kuribwa n'imibu mu gihe ugendera mu ntara/ibihugu birimwo umugera wa Zika virus. Ushaka kumenya vyinshi, soma/raba kuri: healthvermont.gov/mosquito

Mosquito.Bites—Kirundi

 VERMONT
DEPARTMENT OF HEALTH